

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Proses diajar ngajar mangrupa proses interaksi antara guru jeung siswa pikeun ngahontal tujuan pangajaran anu ngarojong kana tujuan pendidikan Nasional. Prosés diajar ngajar ngawengku sababaraha komponén : tujuan, guru, siswa, métode, materi, media, jeung évaluasi.

Pikeun ngahontal tujuan pendidikan diperlukeun inovasi dina komponén pangajaran boh métode, media, kurikulum, guru, sarana, boh prasarana. Komponén-komponén éta kudu silih ngarojong antara nu hiji jeung nu séjéna.

Kurikulum pangajaran basa Sunda ngawengku opat kaparigelan basa di antarana nya éta : kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan nyarita, kaparigelan maca, kaparigelan nulis (Tarigan 1987:1). Kamampuh nulis mangrupa hal anu kawilang penting utamana pikeun siswa sangkan bisa mikir kritis. Dina kaparigelan makéna basa, fungsi utama nulis nya éta pikeun alat komunikasi ku cara ngamangfaatkeun karancagéan maké struktur basa jeung kandaga kecap. Nulis mangrupa hal anu penting sabab bisa ngadorong siswa sangkan produktif tur ngahasilkeun gagasan atawa ide-ide nu logis tur miboga tujuan, sahingga diperlukeun tarékah sangkan ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

Métode mangrupa salah sahiji komponén pangajaran anu ngawengku prosés sarta cara pangajaran. Makéna hiji métode dina prosés diajar ngajar anu sacara terus-terusan bisa nimbulkeun rasa bosen dina prosés diajar sahingga ngaleungitkeun sumanget siswa dina kagiatan diajar. Ngagunakeun métode anu hadé sarta variatif bisa dijadikeun alat ngamotivasi pikeun diajar siswa. Kaéféktifan métode pangajaran bakal kahontal lamun antara métode jeung komponén pangajaran nu séjénna geus saluyu.

Faktor métode pangajaran kacida pentingna dina ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis. Numutkeun Syaiful B. Djamarah, dkk (1995) nu dicutat ku Fathurrohman jeung M.Sobry (2009:55) Métode boga kalungguhan : 1) pikeun alat motivasi ekstrinsik dina kagiatan diajar ngajar; 2) cara pikeun individual anak didik; 3) pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Salah sahiji faktor nu nangtukeun kasuksésan pangajaran nya éta guru. Guru kudu mibanda pangaweruh jeung pamahaman anu cukup kana métode pendidikan. Guru kudu pinter milih métode pangajaran anu saluyu jeung matéri pangajaran sangkan kagiatan diajar ngajar leuwih éféktif jeung bisa ngahontal tujuan pangajaran. Pamakéan métode anu teu saluyu jeung tujuan pangajaran bakal jadi halangan dina ngahontal tujuan. Dina netepkeun métode pangajaran, métode pangajaran kudu jadi "variabel dependen" nu bisa robah jeung mekar luyu jeung kabutuhan, ku sabab éta éféktivitas ngagunakeun métode bisa lumangsung lamun aya kasaluyuan antara métode pangajaran jeung komponén-komponen pangajaran nu sejénna.

Halangan proses diajar basa Sunda utamana dina pangajaran nulis di antarana nya éta siswa bosen jeung teu resep kana pangajaran nulis jeung nganggap yén pangajaran nulis téh hésé. Hal ieu disababkeun kurangna variasi dina pangajaran nulis, biasana pangajaran nulis dilaksanakeun di jero kelas bari teu ngagunakeun media. Dumasar kana hal éta guru kudu ngagunakeun rupa-rupa alternatif, boh strategi boh métode pangajaran jeung ngamangfaatkeun sagala potensi nu aya di jero atawa di luar sakola, ku kituna dina ieu panalungtikan diujicobakeun pangajaran nulis karangan déskripsi ku cara ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture*, satuluyna baris dibandingkeun hasilna nepi kapaluruh éféktif henteuna dina ngahontal tujuan pangajaran nulis.

Dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur panalungtikan anu judulna: ”Babandingan Kaéféktifan Métode Ceramah jeung Métode *Picture and Picture* dina Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi (Panalungtikan Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII SMPN 15 Bandung Taun Ajar 2009/2010)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan diwatesanan kana métode pangajaran basa Sunda , nya éta:

- 1) métode pangajaran Ceramah dina pangajaran nulis karangan déskripsi;

- 2) metode pengajaran *Picture and Picture* dina pengajaran nulis karangan deskripsi jeung;
- 3) babandingan hasil metode Ceramah jeung metode *Picture and Picture* nepi kapaluruh efektif henteuna dina ngahontal tujuan pengajaran nulis karangan deskripsi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan di luhur, masalah panalungtikan baris dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis karangan deskripsi saacan jeung saenggeus dilaksanakeun pengajaran ngagunakeun metode Ceramah jeung metode *Picture and Picture* siswa kelas VII SMP Negeri 15 Bandung?
- 2) Naha aya paningkatan kamampuh nulis karangan deskripsi saenggeus diayakeun pengajaran ngagunakeun metode Ceramah jeung metode *Picture and Picture*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis karangan deskripsi ngagunakeun metode Ceramah jeung metode *Picture and Picture*?

1.3 Tujuan jeung mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nyangking gambaran ngeunaan :

- 1) kamampuh nulis karangan déskripsi saacan jeung sanggeus diayakeun pangajaran ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture*;
- 2) ningkatna kamampuh nulis karangan déskripsi sanggeus diayakeun pangajaran ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture* jeung;
- 3) béda anu signifikan kamampuh nulis karangan déskripsi antara ngagunakeun métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture*.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

a) Mangpaat Sacara Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa nambahan elmu pangaweruh, jeung teori-teori pikeun sistem pendidikan dina hal milih modél pangajaran nulis.

b) Mangpaat Sacara Praktis

- a) Pikeun ningkatkeun mutu pangajaran, panalungtikan ieu dipiharep pikeun ngaronjatkeun mutu jeung efektifitas pangajaran Basa jeung Sastra Sunda;
- b) mangrupa bahan masukan pikeun pihak-pihak anu aya pakuat-pakaitna jeung tarékah ngaronjatkeun prestasi diajar siswa dina pangajaran nulis, saperti mahasiswa calon guru, jeung guru basa sunda;
- c) ngajembaran kaélmaan anu keur ditalungtik.

1.4 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun rupa-rupa tapsiran, perlu dipidangkeun wangenan istilah-istilah anu kauger dina judul panalungtikan, nya éta:

a) Éféktivitas

Éféktivitas ngandung harti nunjukeun nepi ka mana kahontalna hiji tujuan nu geus ditangtukeun saacanna. Sakumaha nu ditétélakeun ku Hidayat (1986) yén : *“Efektivitas adalah suatu ukuran yang menyatakan seberapa jauh target (kuantitas, kualitas, dan waktu) telah tercapai. Dimana makin besar presentase target yang dicapai, makin tinggi efektifitasnya”*.

b) Méhode Ceramah

Hiji métode pangajaran ku cara nepikeun informasi jeung pangaweruh sacara lisan ka siswa (umumna siswa pasif).

c) Méhode *Picture and Picture*

Hiji métode pangajaran ku cara nepikeun informasi ngagunakeun média gambar nu aya kaitannana jeung materi pangajaran.

d) Karangan Déskripsi

Karangan ngeunaan gambaran hiji perkara atawa kajadian sahingga nu maca bisa milu ninggali, ngadéngé, jeung ngarasakeun perkara éta.

1.5 Anggapan Dasar

Unggal panalungtikan nyoko kana anggapan dasar anu geus tangtu. Arikunto dina bukuna *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*, nétélakeun yén :

“Anggapan dasar adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyidik.”

Dumasar kana wangenan di luhur, nu jadi anggapan dasar ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

- 1) Méthode pangajaran mangrupa hiji pola perencanaan pangajaran nu digunakeun dina prosés diajar ngajar.
- 2) Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan tina opat kaparigelan basa dina kurikulum nu aya di sakola.
- 3) Méthode Ceramah jeung méthode *Picture and Picture* mangrupa méthode anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di antara méthode-méthode pangajaran anu sejénna.

1.6 Hipotésis

Hipotésis nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta hipotesis kerja saperti ieu dihandap:

H_a: Kamampuh nulis karangan deskriptif anu ngagunakeun méthode *Picture and Picture* leuwih alus sacara signifikan dibanding jeung nu ngagunakeun méthode Ceramah.

1.7 Méthode jeung Tehnik Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan nu hayang dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode ékspérimén.

Sakumaha nu di tétélakeun ku Sitorus (1990 : 9) yén : “Métode ékspériméntal yaitu métode penelitian dengan melakukan percobaan terhadap kelompok–kelompok ékspérimén. Kepada tiap kelompok ékspérimén dikenakan perlakuan–perlakuan tertentu dengan kondisi–kondisi yang dapat di kontrol. Desain nu digunakeun nya éta *pre-test and post-test group*. anu ngabogaan pola :

O ₁	X _{ceramah}	O ₂
O ₃	X _{Picture}	O ₄

X = “Perlakuan”

O₁, O₃ = *Pretest*

O₂, O₄ = *Posttest*

1.8 Populasi jeung Sampel

1. Populasi

Arikunto (2006 : 130) netelakeun yén : “ populasi adalah keseluruhan subjék penelitian”.

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis karangan déskriptif siswa kelas VII SMP Negeri 15 Bandung, bisa dititénan dina tabel di handap.

Kelas	Siswa		Jumlah
	awewe	lalaki	
VII/a	24	22	46

VII/b	24	20	44
VII/c	23	22	45
VII/d	23	23	46
VII/e	27	18	45
VII/f	23	17	40
VII/g	29	17	46
Jumlah	173	139	312

2. Sampel

Arikunto (2006 : 131) nétélakeun yén : “ sampel adalah sebagian atau wakil populasi yang diteliti”. Ieu panalungtikan ngagunakeun random sampling ku cara diundi pikeun nangtukeun sampel siswa di acak teu dipilih-pilih.

Anu kaluar sabada diundi nya éta kelas VIIb, jeung VIIf. Jumlah sampel bisa dititénan dina table di handap.

Kelas	Siswa		Jumlah
	Awewe	Lalaki	
VII/ b	24	20	44
VII/f	23	17	40
jumlah	47	37	84

1.9 Léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah nya éta :

1. Tahap Tatahar :

- a. Nangtukeun masalah jeung objek panalungtikan;
- b. Ngayakeun studi pustaka;
- c. Nyieun proposal panalungtikan.

2. Tahap Ngumpulkeun data.

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta:

- a. Ngumpulkeun data ngeunaan teori-teori;
- b. Ngayakeun obsérvasi;
- c. Ngayakeun ékspérimén dina pangajaran nulis nu ngagunakeun Méthode Ceramah jeung Méthode Picture and Picture.

3. Tahap Ngolah Data.

- a. Ngumpulkeun data;
- b. Nganalisis jeung ngolah data hasil panalungtikan;
- c. Ngabandingkeun hasil panalungtikan; jeung
- d. Nyieun kacindekan tina data nu geus diolah.

4. Nyusun Laporan

Ieu tahap minangka tahap pamungkas, sanggeus data diolah sarta dianalisis tuluy dijieun laporan nu mangrupa skripsi.